Хэгъэгу пстэуми япролетархэр, зы шъухъу!

Къыдэкl. я 19 илъэс

Социалистическэ АДЫГЕЙ

1945 илъэс
Июным и 5
Гъубдж
№ 60 (3846)

ВКП(б)-м и Адыгэ хэку комитетрэ трудящхэм ядепутатхэм яхэку советрэ ягъэзет

Ыуасэ ч. 20

РСФСР-м и Верховнэ Советы ия VI сессие икъызэlухыны ехьылlагъ

Июным и 5-м, пчыхьэм сыхьатыр 7-м, Кремлэм РСФСР-м и Верховнэ Советы заседаниехэр зыщишlырэ залым РСФСР-м и Верховнэ Советы ия VI-рэ сессие къыщызэlуахыщт.

ТУТЫН ГЪЭТlЫСХЬАНЫР ТЫМЫГЪЭГУЖЪОУ ЫКlИ ДЭГЪУ ШЪЫПКЪЭУ ЗЭРЭЗЭШlОТХЫН

Отечественнэ зэошхом ыпэкlэ тихэку иколхозхэмэ гъэ къэсымэ тутын бэгъуагъэ къахьыжьыщтыгъ. Тутын гектары пэпчъ центнер 20—25-рэ ыкlи ащ нахьыби къизыхыжьхэрэр бэу тутыншlэ колхозхэмэ ахэтыгъ. Джащ фэдэу, зыцlэ къепlощтхэмэ Теуцожь районым щыщ колхозэу „Пщыщэр", Тэхъутэмыкъое районым щыщ колхозэу Сталиным ыцlэкlэ щытыр ыкlи ащ анэмыкlхэри ащыщыгъэх.

Лlыхъужъныгъэшхо зыхэлъ Красная Армием немецкэ-фашистскэ хьакlэ-къуакlэхэр тихэку зырефыжьыхэ нэужым, адырэ культурэхэмэ афэдэ къабзэу тутын гъэтlысхьаным иlофи зыпкъ ригъэуцожьыгъ. Заом икъинхэм ямылъытыгъэу тихэку иколхоз пчъагъабэмэ 1943—44-рэ илъэсхэм тутын бэгъуагъэ къахьыжьыгъагъ ыкlи тутын тынымкlэ государственнэ планхэр рагъэкъугъагъэх. Мы илъэсыми, Отечественнэ зэошхом ыпэкlэ тутын бэгъуагъэу къахьыжьыщтыгъэм къыщамыгъакlэу къызэрахьыжьыным фэбанэх.

Хэгъэгумрэ ыкlи Красная Армиемрэ ящыкlагъэу щыт техническэ культурэхэмэ тутыныри ащыщэу зэрэщытыр икъукlэ къагурыlозэ, ар ипlалъэм гъэтlысхьагъэным ыкlи лэжьыгъэным тихэку итутыншlэ колхоз пэрытхэр фэбанэх. Гущыlэм пае, Теуцожь районым щыщ колхозэу „Красный партизаным", Красногвардейскэ районым щыщ колхозэу Буденнэм ыцlэкlэ щытым, Тэхъутэмыкъое районым щыщ колхозэу „Онэубатэм" афэдэхэр тутын гъэтlысхьаным фэхьазырхэу пэгъокlыгъэх, тутын рассадэри дэгъоу къагъэкlыгъэх. Джы тутын гъэтlысхьаным зырагъэушъобгъугъ. Мы колхозхэмэ качествэ икъу иlэу тутын гектари 6—10 зырысхэр агъэтlысхьэгъах. Адрэ губгъо lофшlэнхэм аужы къырамыгъанэу, тутын гъэтlысхьаныр планэу яlэр ипlалъэм шlомыкlэу ыкlи агротехническэ правилэхэм атетэу зэшlохыгъэ зэрэхъуным фэбанэх.

Ау щыl нахь мышlэми, джыри тутын гъэтlысхьаным икъоу зэлъыфэмыжьагъэхэр тихэку итутыншlэ колхозхэмэ бэу ахэтых. Мы илъэсым июным и 1-м ехъулlэу хэкум тутын гъэтlысхьанымкlэ планыр зэрэщагъэцэкlагъэр процента 5 нахь хъурэп. Тутын гъэтlысхьаныр анахь зыщагъэгужъорэмэ Гиагинскэ районыр ащыщ. Мы районым иколхозхэмэ тутыныр зыщагъэтlысхьащт чlыгухэр игъом агъэхьазырыгъэхэп, тутынэр зыщагъэтlысхьан фэгъэ чlыгум щыщэу агъэхьазырыгъэми нэмыкl лэжьыгъэхэр халъхьагъэх. Мыекъопэ районымкlэ тутын гъэтlысхьаныр езыгъэжьагъэхэр колхози 3 ныlэп. Пстэумкlи июным и 1-м ехъулlэу мы районым тутынэу щагъэтlысхьагъэр гектар 1,4-рэ ныlэп. Ащ нахьышlоп тутын гъэтlысхьанымкlэ Шэуджэн, Теуцожь районхэм яlофхэр зытетыр.

А фактхэм къагъэлъагъорэр, мэхьанэшхо зиlэ тутын гъэтlысхьанэр тихэку зэрэщагъэкlасэрэр ары. Ар анахьэу къызэкlырэр колхозхэмэ яруководительхэм тутын шlэным икъукlэ уасэ зэрэфамышlырэр, тутын лэжьыным адырэ культурэхэмэ афэдэу мэхьанэ икъу зэрэрамытырэр ары.

Ау ар хъунэу щытэп. Ащ нахькlэ тутын шlэным колхозхэр ымыгъэгумэкlыхэу, ащ изэшlохыгъэ зэкlэ кlуачlэу яlэр рамыхьылlэмэ, а мэхьанэшхо зиlэ lофыр хэкум укъуагъэу щыхъункlэ щынагъоу щыт. Тутыныр игъом тшlэныр ыкlи тылэжьыныр апэрэ пшъэрылъышхоу тиlэмэ зыкlэ ащыщ.

Партийнэ, советскэ организациехэм, анахьэуи земельнэ органхэм, колхозхэм яруководительхэм апэрэ пшъэрылъэу яlэмэ ащыщэр — тутын шlэным щытхъу хэлъэу зэшlохыгъэным большевистскэ пэщэныгъэ икъу дызэрахьаныр ары. Блэкlыгъэ илъэсхэм тутын бэгъуагъэ къэзыхьыжьыщтыгъэхэу, ащ ибэнэкlо звено пэрытхэм ыкlи одногектарницэхэм lэпыlэгъу икъу аратын, ащ япчъагъэ нахьыбэу ашlын фае.

Зэкlэ губгъо lофшlэнхэм аужы къырамыгъанэу тутыныр икъукlэ гъэхьазырыгъэ чlыгум щагъэтlысхьэзэ ашlын фае. Тутыныр загъэтlысхьахэкlи, ащ пае тыракlэу шlымэ и к ъ э к l ы н к l э лъэшэу ишlуагъэ къэкlощт. Адырэ культурэхэм афэдэ къабзэу, тутыныр гъэбэгъогъэнымкlэ анахьэу мэхьанэ зиlэмэ ащыщэу щытыр—тутыныр зыбгъэтlысхьахэкlэ, ащ икъоу удэлэжьэныр ары. Ащ тутыныш lэ бригадэхэм, звенохэм ыкlи одногектарницэхэм инэу анаlэ тырагъэтын фае.

Тутын гъэтlысхьаныр ипlалъэм шlомыкlэу ыкlи дэгъоу зэрэзэшlотхын.

Колхознэ электростанциемэ апае кадрэхэр агъэхьазырых

Свердловскэ областым и ФЗО школхэм ыкlи ремесленнэ училищэхэм колхознэ электромонтерхэр, гидротурбинщикхэр ыкlи слесархэр гъэхьазырыгъэнымкlэ курсхэр къащызэlуахыгъэх. Ахэмэ колхозник кlэлэкlэ 600 ащеджэ. Еджэныр заухыкlэ ахэр ежь ярайонхэм кlожьынхэщт, колхознэ электростанциякlэхэу ашыгъэщтхэм lоф ашlэщт.

СОВЕТСКЭ СОЮЗЫМ И ГЕРОЕУ ГЕНЕРАЛ-ПОЛКОВНИКЭУ П. И. БАТОВЫР „ЗОЛОТАЯ ЗВЕЗДА" МЕДАЛЬКlЭ ЯТlОНЭРЭУ НАГРАДИТЬ ШlЫГЪЭНЫМ ЕХЬЫЛlАГЪЭУ

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы

и УКАЗ

Немецкэ техакlохэмэ зыщябэныщтыгъэ фронтым командованием ибоевой заданиехэр щысэтехыпlэу, Советскэ Союзым и Герой званиер фэшlыгъэнымкlэ правэ къытэу зэрэщигъэцэкlагъэм фэшlы Советскэ Союзым и Героеу генерал-полковникэу Батов Павел Ивановичыр „Золотая звезда" медалькlэ ятlонэрэу наградить тэшlы, бронзэм хэшlыкlыгъэу бюст агъэпсыщт ыкlи ар постаментым тетэу наградить ашlыгъэм иродинэ щагъэуцущт.

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Председателыр М. КАЛИНИН.

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Секретарыр А. ГОРКИН.

Москва, Кремль.
Июным и 2 1945-рэ илъэс.

СОВЕТСКЭ СОЮЗЫМ И ГЕРОЙХЭР „ЗОЛОТАЯ ЗВЕЗДА" МЕДАЛЬКlЭ ЯТlОНЭРЭУ НАГРАДИТЬ ШlЫГЪЭНХЭМ ЕХЬЫЛlАГЪЭУ

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы

и УКАЗ

Немецкэ техакlохэмэ зыщябэныщтыгъэ фронтым командованием ибоевой заданиехэр щысэтехыпlэу, Советскэ Союзым и Герой звание афэшlыгъэнымкlэ правэ къытэу, зэрэщагъэцэкlагъэм фэшlы Советскэ Союзым и Геройхэр „Золотая звезда" медалькlэ ятlонэрэу наградить тэшlых:

генерал-лейтенантэу Родимцев Александр Ильичыр
авиацием игенерал лейтенантэу Рязанов Василий Георгевичыр,

бронзэм хэшlыкlыгъэу бюстхэр агъэпсыщт ыкlи ахэр постаментхэмэ атетэу наградить ашlыгъэхэмэ яродинэ ащагъэуцущт.

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Председателыр М. КАЛИНИН.

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Секретарыр А. ГОРКИН.

Москва, Кремль.
Июным и 2 1945-рэ илъэс.

СОВЕТСКЭ СОЮЗЫМ ИМАРШАЛЭУ С. К. ТИМОШЕНКЭР „ПОБЕДА" ОРДЕНКlЭ НАГРАДИТЬ ШlЫГЪЭНЫМ ЕХЬЫЛlАГЪЭУ

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы

и УКАЗ

Бэу къызэлъызызубытырэ операциехэу я 2-рэ ыкlи я 3-рэ Украинскэ фронтхэм ашlыгъэхэмэ язаохэр координацие шlыгъэнымкlэ Верховнэ Главнокомандованием изданиехэр гъэхъагъэ иlэу зэригъэцэкlагъэхэм фэшlы наградить тэшlы

„Победа" орденкlэ

Советскэ Союзым и Маршалэу Тимошенко Семен Константиновичыр.

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Председателыр М. КАЛИНИН.

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Секретарыр А. ГОРКИН.

Москва, Кремль.
Июным и 4 1945-рэ илъэс.

Школхэр илъэсыкlэ еджэным фэгъэхьазырыгъэным иlоф

РСФСР-м и Народнэ Комиссархэмэ я Совет ублэпlэ, илъэсибл ыкlи гурыт школхэр илъэсыкlэ еджэгъум фэгъэхьазырыгъэным иlофы тегущыlагъ. Школхэм ыкlи народнэ образованием иотделхэм lофшlэнымкlэ гъэхъэгъэ бэкlаехэр ашlыгъэхэу Совнаркомым ыгъэунэфыгъ: зэрэрагъаджэрэм икачествэ нахьышlу хъугъэ, илъэси 7 зыныбжь кlэлэцlыкlухэу обязательнэу еджэнхэм иl ф хьазырэу гъэцэкlагъэ хъугъэ.

Ащ дакlоу Совнаркомым щыкlэгъэ инхэри ыгъэунэфыгъэх: всеобщэ обязательнэ обучением ехьылlэгъэ законыр чlыпlэ бэкlаемэ ащагъэцакlэщтыгъэп, школьнэ помещениехэр еджэным фэмыгъэхьазырыгъэхэу къычlэкlыгъ, инвентархэр, гъэстыныпхъэхэр ыкlи нэмыкlхэри игъом агъэхьазырыгъагъэхэп.

Школхэр илъэсыкlэ еджэгъум фэгъэхьазырыгъэнхэм фэшlы РСФСР-м и Совнаркомы автономнэ республикэхэм я Совнаркомхэм ыкlи республикхэм япхыгъэ хэкухэм, крайхэм, къа эхэм яисполкомхэм пшъэрылъы афишlыгъ, илъэси 7-м къыщегъэжьагъэу илъэс 15-м нэс зыныбжь кlэлэцlыкlухэр школхэмэ ачlагъэхьанхэм фэшlы июнь-июль мазэхэм учет ашlынхэу.

Илъэс еджэгъур зыщырагъэжьэщтым ехъулlэу школхэр зыпкъ рагъэуцожьыныр ыкlи агъэцэкlэжьынхэр ухыгъэнхэ фае ыкlи илъэсым ящыкlэгъэщт гъэстыныпхъэм ызыныкъом къыщымыкlэу къаращэлlэнхэ фае. Зэкlэ школьнэ зданиехэу СССР-м и Совнаркомы иизычъэу фэшъхьафрэ lофмэ афэшlы агъэфедэхэрэр, 1945-рэ илъэсым августым и 1-м ехъулlэу къатlупщыжьынхэ фае. Еджэныр зыщырагъэжьэщтым ехъулlэу школхэр зэрагъэхьазырыгъэхэр ауплъэкlунхэм фэшlы къалэхэм ыкlи районхэм комиссиехэр ащызэхащэх.

Учительхэмэ яквалификацие зыкъегъэlэтыгъэным фэшlы гъэмафэм мэзэ курсхэр зэхащэщт: районхэмэ—а 1-рэ ыкlи я 4-рэ классхэмэ ащезыгъэджэрэ учительхэмэ апае, хэкухэм—а 1-рэ ыкlи я 7-рэ классхэм ащезыгъэджэрэ учительхэмэ апае ащызэхащэщтых. Школхэмэ зэращырагъэджэрэм икачествэ нахьышlу шlыгъэным иlофы ехьылlэгъэ lофхэмэ апае народнэ образованием иlофышlэхэмэ я Всероссийскэ совещание августым и 7-м ашlынэу рахъуахьыгъ. Илъэс еджэгъур рагъэжьэным къыпэкlэ учительхэмэ яхэку ыкlи районнэ совещаниехэр ашlыщтых.

РСФСР-м и Совнаркомы унашъоу ышlыгъэм, джащ фэдэу еджакlохэмэ учебникхэр, учебнэ принадлежностхэр ягъэгъотыгъэнэу, школхэмэ инвентархэр, классым итыщт мебельхэр ыкlи нэмыкlхэр ягъэгъотыгъэнэу къеlо. Урыс школэу щымытымэ ащеджэхэ, эмэ апае учебник миллиони 5-м ехъу къыдагъэкlынэу национальнэ издательтвэхэмэ пшъэрылъы афашlыгъ. Местнэ промышленностым ыкlи промысловэ кооперацием ипредприятиехэмэ 1945-рэ илъэсым карандаш миллион 60, перье миллиони 160-рэ, сумкэхэр, бгырыпххэр, портфельхэр, пеналхэр, линейкэхэр, готовальнэхэр, партхэр, классне доскэхэр ыкlи нэмыкlхэри агъэхьазырынхэу заданиехэри аратыгъэх.

ПАРТИЙНЭ IОФ

Организационнэ-партийнэ Iофшlэным егугъурэп

Организационнэ-партийнэ Iофшlэныр нахьышlу шlыгъэным ехьылlагъэу ВКП(б)-м икрайкомы ия 18-рэ пленумрэ. ыкlи ВКП(б)-м ихэку комитеты ия 14-рэ пленумрэ унашъоу ашlыгъэр зэригъэцэкlэным ВКП(б)-м и Гиагинскэ райкомы икъоу Iоф дишlэрэп. Ащыкlэ первичнэ парторганизациехэмэ Iэпыlэгъу икъу аритырэп. Ар къэзыушыхьатэу фактэу щыlэхэр макlэп.

Первичнэ парторганизацие 25-у районым итым щыщэу а унашъохэм зыщатегущыlагъэхэр парторганизации 10 ныlэп. Райкомым иоргинструкторскэ отделы нэбгири 2-у чlэсыр колхозхэм яхозяйственнэ Iофхэмкlэ ренэу уполномоченнэхэу районым регъэтых нахь, Iофэу ялэр зэрагъэцэкlэным икъоу пигъэлъыхэрэп. Джащ къыхэкlыкlэ районым ипервичнэ парторганизациехэмэ организационнэ-партийнэ Iофшlэныр джы къызнэсыгъэми тэрэзэу зышымыгъэпсыгъэхэр мымакlэу ахэтых.

Колхозэу Андреевым ыцlэкlэ щытым ипервичнэ парторганизацие (секретарыр тов. Виноградов) 1944-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу джы къызнэсыгъэми къызэрэlэкlахьэу Iоф ешlэ нахь, партийнэ организацием Iофэу ышlэщтымкlэ зы мазэ горэми план ыгъэуцугъэп. 1944-рэ илъэсым парторганизацием партийнэ собрание 3 нахьэу ышlыгъэп. 1945-рэ илъэсым имэзи 4-м къыкlоцlи зэ нахьэу партийнэ собрание ышlыгъэп. Партийнэ собрание зишlыкlэ протоколхэр тэрэзэу зэригъафэрэп, аужым протокол ымытхыхэуи къыхэкlы.

1944—1945-рэ илъэсхэм къакlоцlы организационнэ-партийнэ ыкlи политикэ-воспитательнэ Iоф горэми парторганизацием щытегущыlагъэхэп. ВКП(б)-м икрайкомы ия 18-рэ пленумрэ ВКП(б)-м ихэку комитеты ия 16-рэ пленумрэ ашlыгъэ унашъохэмэ джы къызнэсыгъэми парторганизацием щытегущыlагъэхэп. А пленумхэмэ унашъоу ашlыгъэхэр ышlэу парторганизацием зы коммунист гори хэтэп. Коммунистхэу тт. Васильевым ыкlи Никитиным а пленумхэр щыlагъэми ашlэрэп. Коммунистхэр газетым загъорэ апэ къифэмэ еджэхэ нахь, ренэу еджэхэрэп. Партийнэ взносыр мэзи 2—3-м зэ атымэ мэхъу нахь, ипlальэм ехъулlэу атырэп.

Колхозэу «Волна революции» зыфиlорэм ипарторганизацие организационнэ-партийнэ Iофшlэныр зэрэшыгъэпсыгъэри ащ нахьышlоп. 1944-рэ илъэсым къыкlоцlы зы мазэ горэм план ыгъэуцугъэп. Партийнэ собрание 4 нахьэу ышlыгъэп. Организационнэ-партийнэ ыкlи политикэ-воспитательнэ Iофшlэным илъэсым къыкlоцlы зэгорэми тегущыlагъэп.

Партийнэ Iофшlэнымкlэ мэхьанэшхо зиlэ организационнэ-партийнэ Iофшlэныр парторганизациехэм тэрэзэу зэращызэхамыщагъэм къыхэкlыкlэ зыцlэ къетlогъэ колхозхэм хозяйственнэ пшъэрылъхэмэ язэшlохынкlэ щыкlэгъэ иныхэр афэхъух.

Организационнэ-партийнэ Iофшlэныр парторганизациехэм тэрэзэу ащызэхэмыщагъэмэ, яIофшlэнкlэ щыкlэгъэ иныхэр зэрафэхъущтхэр ВКП(б)-м и Гиагинскэ райкомы къызгуригъэlоныш, щыкlагъэу фэхъугъэхэр зэридигъэзыжьыным икъоу Iоф дишlэн фае.

Т. Костюк.

ВКП(б)-м ихэку комитеты инструктор.

Партийнэ школым иIофшlэн джыри нахьышlоу дгъэпсыщт

ВКП(б)-м и Мыекъопэ райкомы ипарткабинеты райактивым фэшlы пчыхьэ партийнэ школэу щызэхащагъэм иIофшlэн нахьри зыкъырегъэlэты.

Партийнэ школым нэбгырэ 23-рэ щеджэ. Коммунистхэр зэкlэ ренэу занятием къекlуалlэх. Планэу школым иlэм тетэу занятиехэр бламыгъэкlэу ашlызэпыт.

ЕджаклоIхэм товарищ Сталиным итхылъэу „Советскэ Союзым и Отечественнэ зэошхо ехьылlагъ" зыфиlорэр, „ВКП(б)-м исторе икурс кlэкl", советскэ строительствэр ыкlи ащ фэшъхьаф материалхэри арагъашlэх. „ВКП(б)-м историе икурс кlэкlы" ия 7-рэ шъхьэр джы дэдэм зэрагъашlэ.

Школым илекторхэми ялекциехэр гурыlогъэшlухэу дэгъоу агъэпсых.

М. Романенко.

Комбайнэмэ ягъэцэкlэжьын Мыекъопэ МТС-м щагъэгужъо

Комбайнэхэмэ ягъэцэкlэжьынкlэ гъорекlо Мыекъопэ МТС-р хэкум и МТС-хэм емыкlоу аужы къинэгъагъ. Комбайнэу иlэхэмэ япроцент 80 нахь ымыгъэцэкlэжьыгъэу лэжьыгъэ угъоижьынэр къэсыгъагъ. Джащ къыхэкlэу, МТС-м колосовой лэжьыгъэхэр ипlалъэм шlомыкlэу ыкlи качествэ икъу яlэу ыугъоижьынхэ ылъэкlыгъэп.

МТС-м гъорекlорэ илъэсым хэукъоныгъэу ышlыгъэхэр джыри къыхэфэжьых, непэ къызнэсыгъэми комбайнэ 16-у иlэм щыщэу зы закъун ыгъэцэкlэжьыгъэп.

„Комбайнэхэм ягъэцэкlэжьын сыда зыкlэжъугъэгужъорэр" пlоу МТС-м идиректорэу тов. Иевлевым узеупчlыкlэ, „комбайнэхэмэ ящыкlэгъэщт детальхэр къэзышlырэ ыкlи зыщагъэцэкlэжьрэ цехэу тиlэхэмэ электрическэ ток икъоу къызэрарамытырэм фэшlы зэпымыоу Iоф тшlэн тлъэкlырэп" еlошъ, ар джэуапэу къыуетыжьы.

Ау комбайнэхэмэ ягъэцэкlэжьын мы МТС-м зыкlигъэгужъорэр ащ паеп. Мыекъопэ районым иколхозхэмэ кlыщ 20-у яlэхэмэ комбайнэхэмэ апае деталь зэфэшъхьафхэр ащашlынхэ алъэкlыщт. Ау ащ директорыр пымылъэу, тицеххэмэ апае ток къытатыщт ыlоэ, комбайнэхэм ягъэцэкlэжьын мэзищым къыкlоцlы ышlагъэ щыlэп. Комбайнэхэмэ апае зы мотор гори ыгъэцэкlэжьыгъэп. МТС-м опыт икъу зиlэ комбайнерхэр ыкlи механикхэр, тт. Кравченкэм, Пулупановым, Коноплиным ыкlи Чупурноим афэдэхэу иlэх. Ахэмэ моторхэр агъэцэкlэжьынхэ алъэкlыщт, ау ащыкlэ МТС-м идиректоры икъоу пэщэныгъэ зэрихьэрэп.

Комбайнэхэр гъэцэкlэжьыгъэнхэм пае МТС-м мотори 4, хедерхэу 3, кольцэхэр, планкэхэр ыкlи ащ анэмыкlрэ частхэр ищыкlагъэх. Ахэр зэрэзэригъэгъотыным иамалхэр МТС-м зэрихьэхэрэп. „Сельхозснабым" планкэхэр ыкlи ащ анэмыкlрэ частхэр чlэлъых, ау ахэр МТС-м ыщэфыжьхэрэп.

Комбайнэхэр зыгъэцэкlэжьхэрэмэ зы мафэм е чэщ-зымафэм Iофэу ашlэн фаемкlэ заданиехэр яlэхэп. МТС-м идирекцие комбайнэхэм ягъэцэкlэжьынкlэ пшъэрылъэу иlэхэр ежь ымыгъэцакlэу, а мэхьанэшхо зиlэ Iофэр механикхэм афигъэзагъ.

МТС-м агитационнэ-массовэ Iофхэр щашlэрэп, дэпкъ газетхэр къыщдагъэкlхэрэп. Доска показательхэр гъэхьазырыгъэхэу яlэх, ау зи къащагъэлъагъорэп.

Мыекъопэ МТС-м комбайнэхэмэ ягъэцэкlэжьын укъуагъэу щэхъу. Ар хъунэу щытэп. Лэжьыгъэ угъоижьыным уфэмыхьазырэу упэгъокlыныр государственнэ преступлениеу щыт. Псынкlэ шъыпкъэу Мыекъопэ МТС-м идирекцие комбайнэхэм ягъэцэкlэжьынкlэ щыкlагъэу фэхъугъэхэр дигъэзыжьынхи, лэжьыгъэ угъоижьыным зыфигъэхьазырын фае.

Къ. Жанэ.

Семчыкым иапэрэ пкlэн ыухыгъ

Шэуджэн районым иколхозэу „Передовикым" извенохэм ащыщэу тов. А. Кулий зизвеновоир мыгъэ семчык бэгъуагъэ къызэрихьыжьыным фэбанэ. Мы звеном исемчык участкэ иапэрэ пкlэн ыухыгъ. Бэрэ пэмытыжьэу натрыфым ипкlэни фежьэщт.

Лэжьыгъэ угъоижьыным зыфагъэхьазыры

Фэщъхьафрэ мэкъу-мэщ хозяйственнэ Iофшlэнхэу губгъом щашlэхэрэмэ адакlоу, Тэхъутэмыкъое районым иколхоз бэкlаемэ ялэжьэкlо Iэмэ-псымэхэр зэралъэкlэу агъэхьазырых.

Совхозэу «Кормовой хозяйствэм» зэкlэ илэжьыгъэ угъоижь машинэхэр ыгъэхьазырыгъэх. Афыпсыпэ къоджэ советым иколхозхэми лэжьэкlо Iэмэ-псымэхэмэ ягъэцэкlэжьын аухы тет. Колхозэу «Афыпсыпэм» изакъоу жаткэхэр, мэкъу упкlэ машинитlу, щэмэдж 15 ыгъэхьазырыгъэх.

Колхозэу «За урожай» зыфиlорэми лэжьыгъэ угъоижьыным ищыкlэгъэщт Iэмэ-псымэхэмэ ягъэцэкlэжьын еухы тет. Мыщ мэкъу упкlэ машини 3, жатки 2, гъажъор зэрэзэращэщт ящикхэр, щэмэджхэр ыкlи гъупчъэхэр щагъэхьазырыгъахэх.

(«За Сталинский урожай»).

ХЭГЪЭГУ IЭКIЫБ ХЪЭБАРХЭР

Тихэ океаным заоу щыlэр

ЛОНДОН, июным и 3. (ТАСС). Агентствэу Рейтер къызэритырэмкlэ, американскадзэхэр Давао (Минданао хыгъэхъунэм) икъыблэ лъэныкъокlэ милэ 75-у щыlэ Уисе Луаен щырагъэтlысыкlыгъэхэу союзникмэ явооруженнэ кlуачlэхэу Тихэ океаным икъыблэ-тыгъэ къохьапlэ чlыпlэм щыlэхэмэ яобъединеннэ командование иштабы къеlо. Авиацимрэ флотымрэ яlэпыlэгъоу рагъэтlысыкlыгъэх. Японцэхэр шlагъоу къапэуцужьыгъэхэп ыкlи американскадзэхэр псынкlэу хыгъэхъунэм икуупlэкlэ лъыкlотагъэх.

Американскэ самолетхэмэ японскэ позициехэу Целебес ыкlи Гальмагер хыгъэхъунэхэм арытхэр бомбардировать ашlыгъэх. Американскэ бомбардировщик онтэгъухэмэ Таихоку (Формоз хыгъэхъунэр) японскэ штабэу дэтым бомб тонн 370-рэ тырадзагъ.

ВАШИНГТОН, июным и 3. (ТАСС). Я 10-рэ американскэ армием ичастхэр хыгъэхъунэу Окинавэ (Рюкю хыгъэхъунэхэр) икъыблэ чlыпlэ щылъыкlотагъэхэу США-м и Тихоокеанскэ флоты иштабы къеты.

Июным и 1-м ыкlи 2-м американскэ самолетхэу, авианосцэмэ арытхэмэ японскэ дзэ объектхэр бомбардировать ашlыгъэх.

Испанскэ ыкlи португальскэ правительствэхэр гитлеровцэхэмэ Iэпыlэгъу афэхъух

ЛОНДОН, июным и 3. (ТАСС). Испанием кlожьыгъэ Риббентропрэ ыкlи фэшъхьафрэ гитлеровскэ пащэхэу шъэ хъурэр джыри ашъхьэ фитхэу Испанием зэритхэм ехьылlагъэу, Бритиш Юнайтед пресс агентствэм Стамбулы къыщитыгъэ сообщениер английскэ газет нахьыбэмэ къарадзэ. Бритиш Юнайтед пресс агентствэм илиссабонскэ корреспонденты исообщениеу „Дейли Экспресс" газетым къырадзагъэм къыщеlо, португальскэ правительствэр германскэ фирмэ 11-мэ яlофшlэн Португалием щырагъэжьэжьынэу фиты ышlыгъэхэу.

Сирием ыкlи Ливаны язытет

ЛОНДОН, июным и 3. (ТАСС). Английскадзэхэр Алеппо ыкlи фэшъхьафрэ къалэхэу хыlушъом Iутхэм, джащ фэдэу Дамаскэ адэхьагъэхэу лондонскэ радиом къеты. Сирием ыкlи Ливаны ярайон пчъэгъабэмэ осаднэ положение ащагъэуцугъ.

Французскэ дзэхэр Дамаскэ къыдэкlыжьых

НЬЮ-ЙОРК, июным и 3. (ТАСС). Юнайтед пресс агентствэм икорреспонденты Дамаскэ къызэрэщитырэмкlэ, французскадзэхэр ыкlи бронетанковэ частхэр Дамаскэ къыдэкlыжьых. Французскэ пехотэр, нэрлъэгъу дэдэ зэрэмыхъуным фэшlы, чэщрэ къыдэкlыжьых, танковэ частхэр мафэрэ къыдэкlыжьых. Дзэхэр Меззе аэродромэу Дамаскэ мили 8-у пэlудзыгъэм ыкlыбыкlэ зэкlакlох.

Планым къыригъэхъугъ

Адыгейскэ МТС-р (директорыр тов. Мастюгин) губгъо Iофшlэнхэм язэшlохынкlэ анахь дэгъоу Iоф зышlэхэрэмэ зыкlэ ащыщ. Мы МТС-м планым ехъоу гектар 1.300-рэ хилъхьагъ.

Тракторнэ бригадэу тов. Къэгъэзэжьыр зибригадирым трактор нэ Iофшlэнхэм яилъэс план процент 70-у ыгъэцэкlагъ, тов. Сэхъур зибригадирми бэрэ пэмытэу илъэс планыр ыгъэцэкlэщт.

Гектари 150-рэ парэу къаlэтыгъ

Губгъо Iофшlэнхэм аужы къырамыгъанэу Кощхьаблэ районым иколхозхэмэ парэ къэlэтыным Iоф дашlэу рагъэжьагъ. Районым иколхозхэмэ тракторхэмрэ былым кlуачlэхэмрэкlэ парэу гектари 150-рэ къаlэтыгъ.

Ответ. редакторэр Н. М. ШОВГЕНОВА.

МО 02195 АДРЕС РЕДАКЦИИ: г. Майкоп, ул. Первомайская 163, телефон № 0-54. Типография Адыгнациздата. Заказ № 1425 Тираж 2534